

# Дарсил тема:

## Рик1к1ен

## Дарсил мурадал:

1. Лъай кьеялъул: рик1к1ен-ц1ияб каламалъул бут1агун ц1алдохъабазул лъай-хъвай гьабизе, к1алзул ва хъвавул калам цебет1езабизе,хъвавул ва ц1алул каламалда жаниб рик1к1ен бит1ун х1алт1изабизе лъазе.

2. Лъай цебет1езабиялъул: ц1алдохъабазда авар грамматика лъаялъул рахъ цебет1езабизе;

3. Тарбия кьеялъул: авар халкъалъул асаразулъ ва литератураялда жаниб хъвадарухъабаз рик1к1ен кин х1алт1изабун бугебали бихьизабизе, авар мац1алде, адабиятalde, Ват1аналде рокьи бижизаби.

**Анцlила микьабилеб февраль.**
**Хамиз къо.**

# Классалда хlалтlи.

# Рик1к1ен.

# 1. ХIай «ТIокIлъиялъе рагIи»

Берцинаб
Борхатаб
Лъабго
БагIараб

хIалтIана
къого
кватIана
цIалана

# *РикIкIен.*

Предметалъул къадар яги ирга
бихьизабулеб каламалъул бутIаялда
 рикIкIен абула.
РикIкIеналъе лъола чан? чанабилеб?
абурал суалал.
Мисалал: к1иго – к1иабилеб, анцIго,
нусго, къого.

ГIадатал: цо, кIиго, азарго, миллион.

Журарал:

ИчIго + нусго = ичIнусго

Лъабго + нусго + азарго = лъабнусазарго

Составиял:

анцIила щуго,

къоло лъабго,

азаралда ичIнусиялда кIиго.

# Г1адатал Журарал Составиял

Цо, азарго, нусго, щуго, кIикъого, кIинусго, ичIнусго, анцIила щуго, къоло цо, къоло микьго,



# 1 xIaлтIи, 55 гьумер.

Симферополалда буго г1аммаб хоб,
Анкьго г1урусасул, цо аварасул …
Бищун гьит1инасул къого сон бугел,
Къоло щуйилъ бищун к1удияв вугел…
Анкьавго г1урус вас, г1азаб кьун, ч1вана
Цо Г1абдулманапов хут1ана нахъе.

(Р.Х1.)

# Словарияб х1алт1и

ТАРИХ-ЧИСЛО
ХОБ-МОГИЛА
ЧАРАН –СТАЛЬ
КЪАДАР -КОЛИЧЕСТВО


201
208

# Творческияб х1алт1и.

…. соналъ … июналда нилъер Ват1аналде т1аде к1анц1ана фашистазул аскарал.

Дагъистаналдаса рагъде ана …. азарго чи.

… соналъ … маялъ нилъер халкъалъ гьеб рагъулъ баргьенлъи босана.

**1941 1945 120 22 9**

# Ребус

## Лъабго къот1елалъуб 80 кин хъвалеб?

# Мисалал гьарила

10 - 3 =

4 + 3 =

21 : 3 =

# кицаби

Анкьц1ул борце, цин къот1е.

К1иго хъарпуз цо кверал ъ кколаро



- Кумек гьабе дие, лъимал!

# Бицанк1аби

1. К1иго эбел, анц1го т1инч1?
2. Цо т1охалда гъоркь ункъо вац?
3. Цо чиясул щуго вас, щуясдаго хъах1аб т1агъур?

# Рефлексия :

- Сундул х1акъалъулъ нилъеца дарсида бицараб? Щиб нилъеда ц1ияб лъараб?
- Кинал суалазе гьеб жаваблъун - бач1унеб ?
- Къадаралъул рик1к1еналъе кинаб суал лъолеб?
- Бищунго дарсил кинаб этап бокьараб ?

# Рокъобе х1алт1и:

1.П.24,х1.№3;

2. Рик1к1енал раг1абаздалъун хъвалаго лъабго х1уби гъабизе(г1адатазул,жураразул, составиязул).

**Баркала, лъимал!**
**Къо мех лъик1!**





# ***Рокъобе къураб х1алт1ул хал гьаби***